Автор: Administrator
25.04.2019 12:16 - Обновлено 25.04.2019 12:18




**АХМАДОВ МУСА**



**Таханлерчу хаамийн гIирсашкахь нохчийн матах пайдаэцар**

Нохчийн маттахь йоза кхолладалар, дукха хьолахь, вай дузу дIадаханчу бIешеран 20-чу шеращца. Бакъ а долуш, вайн маттахь йоза-дешар халкъа юкъа шуьйра даржар вай хьехош делахь, иза нийса а ду.

Цул хьалха а хилла вайн къома юккъехь лелаш йоза, Iаьрбийн элпийн буха тIехь кхоьллина. Амма иза дукха хьолахь, цхьана Iеламнахана а, мутаIеламашна а хууш а, цара пайдаоьцуш а йоза хилла.

Къаьсттина доккха маьIна лелийна оцу йозано XIX бIешеран шолгIачу эхехь. Оцу хенахь вайн гIарабевллачу Iеламнаха, эвлаяаша Iаьрбийн элпашца нохчийн маттахь жайнаш яздо, я уьш Iаьрбийн я гIумкийн маттера вайн матте дохуш гочдо. Оцу хенахь зазадоккху динан чулацам болчу поэзино а. Тайп-тайпанчу Iеламнаха язйина назманаш адамаш гулделлачохь: тезетахь, сагIа доккхучохь, мовладехь, кхечухьа – олуш хилла. Динан лехамаш буьйцуш, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дахар а, гIуллакхаш а довзуьйтуш, эвлаяийн дика амалш хьехош язйина и назманаш ладоьгIучеран дегнех кхеташ, цаьрга дахарх а, дуьненах а кIорга ойла йойтуш хилла, тахана а ян а ю иштта. Вайн къоман синкультурин мехала дакъа хилла дIахIиттина уьш.

Хьалхалерчу вайн Iеламнаха массо а нохчашна кхетачу маттахь яздина шайн жайнаш, назманаш, цара юкъадалийна, шаьш кхуллуш, динан кхетамаш билгалбоху керла дешнаш (неологизмаш), я кхечу меттанашкара дешнаш тIеэцна (коьрта долчунна, Iаьрбийн маттера, наггахь гIумкийн маттера а), нохчийн меттан бакъонаша ма лоьххура хийца а хуьйцуш. Масала: шариIат – шарI, ахират – эхарт, и. дI.кх.

И дерриге тидаме эцча, вайн таро ю вайн Iеламнаха шайн хенахь нохчийн юкъарчу (литературин) меттан бух биллина ала. Цу тIе а тийжаш кхоьллина 20-чу бIешеран 20-чу шерашкахь шайн дуьххьарлера говзарш нохчийн керлачу литературин векалша Нажаев Ахьмада, Дудаев Iабдис, Сальмурзаев Мохьмада, Айсханов Шамсуддис.

Оцу хенахь яздархоша йозанан маттана юкъадаладо керлачу дахарца доьзна дуккха а дешнаш: хIайттархо (передовик), жигархо (активист), цхьалхахо (единоличник), орамат (злак), дийнат (животное), юьрткорр (юьртан корреспондент) иштта дукха кхин а.

Царал тIаьхьа баьхкинчу нохчийн яздархоша: Мамакаев Мохьмада, Бадуев СаIида

(хьалхарчо – поэзехь, шолгІачо – прозехь) – кхиндІа а кхиош, чІагІйира литературин меттан кепаш. Оцу хенахь кхоллало нохчийн меттан Іилма а. Цуьнца доьзна керла дешнаш а юкъадогІу маттана: абат (букварь), дошам (словарь), алам (предложение), цІоьмалг (запятая), къовларш (скобки) и дІ.кх. Нохчийн гІарабевллачу Іилманчаша Мациев Ахьмада, Джамалханов Зайндис, Дешериев Юнуса, Чокаев Катис, цхьамогІа кхечара а кхуллу нохчийн меттан нийсаяздаран бакъонаш. Еххачу ханна уьш лоруш, царна тІетийжаш язйо ишколашна лерина нохчийн меттан Іаматаш, болх бо радиос, телевиденис, газеташа. Амма дІадаханчу бІешеран 80-чу шерашкахь хаадала долало хьалха юкъаялийна цхьайолу бакъонаш денна а кхуьучу, шорлучу нохчийн маттаца йогІуш цахилар, я цунна уьш готта хилар.

Масала, иштта бакъо: «Оьрсийн маттера тІеоьцу дешнаш цу маттахь ма-яздарра яздо нохчийн маттахь а». Хетарехь, цхьана а къоман грамматикехь хир яц и тайпа бакъо. Муьлххачу а кхечу маттера тІеоьцу дош хийцало, оцу меттан грамматикин системе хьожжий. Иштта хилла иза нохчийн маттахь а, и бакъо юкъаяккхалц. Масала, офицер нохчийн матто тІеэцна «эпсар» аьлла, генерал – инарла, пристав – пурстоп, школа – ишкол, машина – машен, газета – газет аьлла, и дІ.кх.

Цхьаболчарна моьтту, уьш иштта хийца а хуьйцуш вай тІеэцна, вайна цу хенахь оьрсийн мотт ца хууш хилла дела, ткъа хІинца вайна дукхаболчарна оьрсийн мотт дика хаьа цундела «профессорх» – «парпессар» алар, я «номерх» – «лоьмар» алар беламе хета. Иштта хетахь а вайн меттан бакъонаш вай лоруш хилча, и дешнаш хийцина тІеэцча бакъахьа дара.

Я иштта бакъо ю: «*Оьв* хезачохь *ев*, яздо масала *чов* – *чоьвнаш* ца яздеш *чевнаш* яздо… Ткъа нагахь и
*оьв*
*I*
-на, я
*хь*
-на тІаьхьа хезаш делахь
*аь*
яздо а боху оцу бакъоно:
*бІов*
–
*бІаьвнаш*
,
*хьовда*
–
*хьаьвдда*

». И бакъо стенна юкъаяьккхина хууш стаг вац. *Оьв* хезачохь ша ма хаззара *оьв* стенна ца яздо, вайн хийра бакъо юкъара дӀа а яьккхина?

ТӀаьххьарлера бохаме хиламаш бахьанехь, нохчийн мотт хьехар а, Ӏамор а гӀелделира, я и данне доцуш хенаш а яьхкира. Хийрачу махкахь хьалакхиъначу берашна ишколашкахь Ӏаммане Ӏама ца бора и мотт. Цундела чӀогӀа къен ю церан къамелашкахь ненан меттан лексика. Цара буьйцург я иэбина мотт бу, я кхечу къоман мотт бу, наггахь нохчийн дош юкъа а кхуссуш.

Изза хьал ду нохчийн мотт бийцарехь вайн меттигерчу хаамийн гӀирсашкахь а. Цигахь билгалдолуш ши сакхт ду. Хьалхара – хьалха дуьйна билгальяхна йолу нохчийн литературин меттан норманаш цаӀамор, цахаар бахьанехь, хӀора а белхалочо дош шайн юьртахь ма оллура олуш, я яздеш хилар. Масала, *мел*? Я *масс*? хаттар хӀотто дезачохь «моццул» олу; «лууш» алар нийса хир ду «лаьаш» олучул, оьшучохь ца оьшучохь а аз тӀедетта, *я* и дукха дахдина алар: *вай* ала дезачохь *вайъа* олу цӀерниг дожарехь а и долушехь, и дӀ.кх.

Цхьаволчо радиочухула, телегарехула къамел деш, къамеле ладоьгӀча ца кхеташ вуьссу хьо: дуьйцу дешнаш нохчийн ду, амма къамелан мукъам я оьрсийн, я кхечу метан бу.

*Орфоэп* – бохуш цхьа Ӏилма ду, иза нийса дешар бохург ду. Нохчийн меттахь а хила еза орфоэпин бакъонаш. Масала ишттаниг. ЦӀердешан лаамечу причастин доланиг дожарехь – *н* яздо, амма деша ца доьшу: масала, меттига*н* сурт, дикалли*н* ницкъ, ишкола*н* майда и дӀ.кх.

Таханлерчу вайн телевиденин белхалошна а журналисташка а лерина аудиоэкъанаш арехеца езара, тӀехь цкъа цхьана хенахь нохчийн радион дикторш хиллачу Эльмурзаева

Розин, Ганаев Адаман, иштта цхьаболчу нохчийн актерийн къамелаш а долуш дIаяздина. Цаьргара Iама беза таханлера кегийрхой нийса деша а, къамелехь нохчийн мукъам ларбан а.

ШолгIа сакхт – оьрсийн маттера дешнаш дукха юкъадалор, я цкъа мацах оцу дешнашкахь хилла хийцамаш тидаме а ца оьцуш, уьш оьрсийн маттахь ма-яздарра, яздар алар. Масала, ткъе итталгIачу шерашкахь, тIеэцна дош ду *ишкол*, цхьайолчу изданешкахь иза хийцам боцуш яздо:
*школа*
.

Наггахь грамматикехь дукха хенахь дуьйна хIоьттина лаьттина бакъонаш талхош, яздеш меттигаш а нисло, могIарерчу нехан йозанаш стенна дуьйцу, Iилманчийн белхашкахь а. Масала, иштта бакъо ю: «*г* – ний, *к* – ний хьалха шеконийн *а*, *и* хезачохь *и* яздо: *тайниг*,
*бепиг*
,
*эчиг*
,
*саьрмик*
иштта дIа кхин а. Амма и дешнаш иштта ца яздеш
*а*
элп дуьллуш яздо цхьаболчара. И хIунда до аьлча, далош цхьа делил а ду: тхо долчохь иштта олу. Ткъа хIорамма а шаьш долчохь ма-аллара яздахь, цунах массеран юкъара литературин мотт хир буй? Бац.

Кхин цхьа масал. Чаккхенгахь *г* долуш дешнаш ду вайн: дечиг, эчиг. Цхьадолчу йозанашкахь а, ткъа иштта Iаматашкахь а тидам тIебоьду, лач дожаршкахь и
*г*
*к*
-не дерзош хиларна: аьчкан ков, дечкан неI… Муьлхачу бакъонца доьрзу и
*г к*
-не? Нагахь и бакъо елахь, гучуяккха еза я юкъаяккха еза. Яцахь, цIерниг дожарехь ма хиллара,
*г*
яздан деза и дешнаш легадеш а. Бакъду, оьрсийн маттахь-м ю цхьа бакъо, зевне мукъаза аьзнаш чаккхенехь къарло дIаолучу хенахь бохуш. Амма оьрсийн мотт оьрсийн мотт бу, нохчийн мотт – нохчийн мотт бу.

Соьга хаьттича, вайн нохчийн маттах пайдаэцар тодан уггар хьалха дан дезаш ду:

Хьалхара – массо а вайн Iаматашкахь йолчу нийсаяздаран бакъонаш тIе юхаверза веза.

ШолгIа – беш болу хийцамаш вайн Iилманчаш, яздархой, цхьаболу журналистийн векалш реза а болуш бан беза; массо а реза ца хилахь, дуккхаболчарна хетачунна тIетан деза.

Ткъа уггар хьалха, уггар чIогIа оьшург хIора нохчийн берехь, хIора нохчийн стагехь шен ненан маттахь дийца а, яздан а Iамон ондда лаам кхоллар ду. И лаам ца хилахь, вай мел чIогIа графика кечъярх, грамматикехь мел чIогIа нийса хийцамаш бархь, оцу декъехь вайн хIумма а толур дац. И лаам хилахь, толур ду.